

Twous Naloxone nan espas piblik: Kesyon yo poze souvan

Kisa naloxone ye?

Naloxone (pafwa yo rele l ak non mak li, Narcan) se yon medikaman ki an sekirite ki ranvèse efè yon surdozaj opioid. Naloxone aji sèlman sou opioid (tankou eroin, fentanyl, ak kalman doulè ki baze sou opioid), men itilizasyon li pa prezante okenn risk, menm si pa gen opioid ki prezan. Naloxone disponib gratis nan tout Vil Nouyòk epi ou ka achte l san preskripsyon nan anpil famasi.

Poukisa mwen ta dwe pote naloxone epi kenbe kèk nan zòn komen mwen an?

Nenpòt moun ka fasilman administre naloxone pou soulaje sentòm yon surdozaj opioid pandan y ap tann sekouris ijans yo rive. Lè naloxone disponib fasilman nan espas piblik, sa ogmante chans pou yon moun ka entèveni pandan yon surdozaj opioid epi anpeche yon rezilta fatal.

Poukisa mwen ta dwe kenbe naloxone nan travay mwen an?

12 desanm 2026, Eta New York egzije pou anplwayè prive ki oblije anba règleman Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (OSHA) yo kenbe twous premye swen pou yo gen ladan naloxone oswa yon lòt antagonis opioid nan founiti premye swen yo.¹

Ki pwoteksyon Eta Nouyòk ofri bay moun ki pote, administre, oswa resevwa naloxone?

Lwa "Bon Samariten" Eta Nouyòk la pwoteje moun ki chwazi entèveni pandan yon ijans medikal—tankou yon surdozaj—kont responsablite kriminel oswa sivil. Lwa sa yo gen ladan yo, an patikilye:

- **Lwa sou Swen Medikal Ijans:** Moun ki bay asistans pandan yon ijans medikal, tankou yon surdozaj, yo pwoteje kont responsablite sivil si yo ofri èd sa a volontèman e san yo pa atann konpansasyon finansye. Lwa sa a pwoteje espesyalman moun ki bay asistans "sou

¹ Egzije pou ekipman premye swen nan espas travay la gen ladan yon antagonis opioid. Lwa Travay Nouyòk

§ 27-f. 20 fevriye 2026 <https://www.nysenate.gov/legislation/laws/LAB/27-F>

plas yon aksidan oswa lòt sitiyaasyon ijans, deyò yon lopital, yon kabinè medikal, oswa nenpòt lòt kote ki ekipe ak ekipman medikal apwopriye ak nesèsè".²

- **Lwa sou Pwogram Prevansyon pou Surdozaj Opioid:** Moun ki chwazi administre naloxone nan ka yon sispèk surdozaj opioid yo pwoteje kont responsablite kriminel, sivil oswa administratif, depi yo aji yon fason rezonab, an bon lafwa, epi an konfòmite avèk règleman Eta New York yo. Antagonis opioid yo, tankou naloxone, yo konsidere kòm tretman ijans oswa mezi premye swen.³
- **Lwa "Bon Samariten" 911 la:** Moun yo pwoteje kont pouswit jidisyè pou posesyon dwòg minè, posesyon ekipman pou pran dwòg, ak anpwazonman si yo rele 911 pou ede yon moun yo sispèk ki pran twòp dòz. Pwoteksyon sa yo aplike tou pou moun ki sibi twòp dòz la.^{4,5}

Ki pwoteksyon espesifik lwa "Bon Samariten" yo bay?

Pou moun k ap chèche asistans medikal pou yon surdozaj opioid—kèlkeswa laj yo, epi kit y ap aji poukont yo oswa pou yon lòt moun—lwa Bon Samariten yo bay pwoteksyon kont pouswit jidisyè nan sitiyaasyon sa yo:

- Posesyon mwens pase 8 ons yon sibstans kontwòle (deli klas A-II oswa mwens)
- Posesyon alkòl (posesyon minè)
- Posesyon kanabis, kèlkeswa kantite a
- Posesyon ekipman pou dwòg

Pwoteksyon sa yo sijè a sèten restriksyon. Ou ka toujou fè fas ak konsekans legal nan ka sa yo:

- Vyolasyon kondisyon libète sou kondisyon oswa pwobasyon
- Sijè a yon manda arestasyon ki poko egzekite
- Vann oswa entansyon pou vann sibstans kontwòle
- Posesyon omwen 8 ons yon sibstans kontwòle (krim Klas A-I)

Anplis de sa, lwa "Bon Samariten" yo pa ofri okenn pwoteksyon espesifik kont konsekans potansyèl konsènan imigrasyon oswa pwoteksyon timoun.

² Swen medikal ijans. Lwa Sante Piblik Eta New York, § 3000-a. 5 jen 2026

<https://www.nysenate.gov/legislation/laws/PBH/3000-A>

³ Prevansyon kont surdozaj opioid. Lwa sou Sante Piblik Eta New York, § 3309. 19 desanm 2025

<https://www.nysenate.gov/legislation/laws/PBH/3309>

⁴ Pwogram pou Prevansyon Surdozaj Opioid. 10 NYCRR § 80.138. 6 me 2015

<https://regs.health.ny.gov/content/section-80138-opioid-overdose-prevention-programs>

⁵ Temwen oswa sibi yon surdozaj dwòg oswa alkòl. Lwa Penal Nouyòk § 220.78. 2 avril 2021

<https://www.nysenate.gov/legislation/laws/PEN/220.78>

Èske mwen gen dwa pote epi administre naloxone si mwen pa swiv fòmasyon medikal?

Wi. Depi 2 avril 2006, pèsonèl ki pa medikal ki te resevwa yon twous naloxone atravè yon pwogram prevansyon surdozaj opioïd yo otorize pou pote epi administre naloxone nan Eta New York. Depi 2 septanm 2023, yo ka achte naloxone nan famasi epi itilize li kòm yon medikaman san preskripsyon.

Èske mwen oblije entèveni nan ka yon surdozaj?

Non. Si ou temwen yon sispèk surdozaj (pa egzanp, si moun nan montre sentòm tankou yon chanjman nan koulè po oswa li pa reyaji) sa pa egziye pou ou administre naloxone. Si ou deside entèveni, ou ka administre naloxone, fè respirasyon sekou, epi rele 911. Si ou pa santi ou alèz pou administre naloxone, ou ka toujou rele 911, bay kote moun ou sispèk la ap pran surdozaj la ye, epi dekri sentòm yo.

Èske plizyè manm pèsonèl ka pataje yon twous naloxone oubyen èske yo ka gen aksè a yon twous pataje?

Anplwaye ki resevwa fòmasyon nan repons a surdozaj otorize pou pataje naloxone si yo travay pou menm òganizasyon an oswa nan menm sit la.

Èske li nesesè pou pran yon asirans responsablite si yon moun pran twòp dòz?

Non. Depi lansman pwogram prevansyon surdozaj opioïd la an 2006, Depatman Sante Vil Nouyòk la pa janm resevwa yon rapò sou pèsonn ki bezwen asirans responsablite sivil.

Si mwen administre naloxone epi mwen oblije kite sèn nan anvan paramedik yo oswa lapolis rive, èske lapolis ka kontakte m lè l sèvi avèk kat ble a ki sètifye fòmasyon mwen nan itilizasyon twous naloxone nan?

Ou pa oblije bay enfòmasyon pèsonèl ki idantifye ou, tankou kat fòmasyon an (Sètifika Konpleksyon) ki vini ak twous naloxone ou a. Lè ou kite naloxone itilize a, sa ap fè premye sekouris yo konnen yo te administre medikaman an, pou ede yo evalye sitiyasyon ijans lan si pa gen pèsonn ki rete sou plas..

Pou plis enfòmasyon, vizite nyc.gov/naloxone.